# Берашна Библи

## Д1агойту

# Адамийн сингаттам д1аболабалар





Автор: Edward Hughes

Иллюстраци йина: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson

Адаптаци йина: M. Maillot; Tammy S.

Гочдар: www.christian-translation.com

Зорбане яьккхина: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
Лицензи: хьан копировать ян я зорбане яккха бакъо ю, нагахь санна и копи йохка новкъа ца яьккхинехь.

Дала дерриг а кхоьллина! Дала дуьххьара адам Адам кхоьллинчу хенахь иза шен зудчуьнца Хьаваца Эдем олучу бешахь дехаш хилла.

Уьш ирсе баьхна,
Делла хастам абеш, иза хиларх баккхий а беш цхьа де т1едаллалца.





"Дала х1ора дитт т1ера стом кхалла ца магийна хьуна?" хаьттина Хьавага лаьхьано. "Тхо х1ора а дитт т1ера стом баа йиш йолуш ду, цхьаъ боцург"-жоп делла цо. "Шу лийра дац"-белабелира лаьхьа. "Шу Деланаш санна хира ма ду". Хьвана чам баккха лиира цу дутта т1ера стоьман. Цо лаьхьано аьллариг а дина кхьаллира и стом.

Деле ла а ца дуг1уш, Хьавас Адаме а кхаллийтира стом. Адама "Х1ан-х1а, ас Делан Дош дохора дац" - ала дезаш хиллера.





Адам, Хьава а
шаьш къалатийначулла т1аьхьа
кхийтира шаьш берзина буй. Шайна
инжиран г1аш т1е а хьарчиийна Делана
гучура коьллашна юккъе д1алевчкъира уьш.

Суйренан шелонехь Дела беша веар. Цунна хаьара Адама а, Хьавас а динарг. Адама Хьава бехке йора. Хьавас лаьхьа бехке бора. Дала аьлла: Лаьхьан кхел йийра ю. Зудчо лазаршца бераш дийра ду. Ткъа Адаме аьлла Цо: “Хьан къа бахьанехь деригге дуьне къизаллех а, берзалойх а дуьззина хира ду. Хьаж т1ера хьацарца дуура ду ахь бепиг.”





Дала Адам а Хьава а
бешара эккхийна.  Цара
къа латорна, са
кхуллуш волчу
Делах гена
баьхна хилла
уьш.



Дала ц1арах тур дина, уьш чу ца битархьамма. Дала Адамна Хьавана а не1арех духар дина. Стенгара даьхна цо кхекхий?

Заманан йохалла бераш девлла дуьненчу. Церан хьалхара к1ан Къаин бешахо хилла. Церан шолг1а к1ант Авель жа1у хилла. Цхьана дийнахь Далла т1ера саг1ийна хасстоьмаш деана. Авеля саг1ийна уггара тоьлларг уьстаг1 беана саг1ийна. Дела Авеля диначу совг1атана реза хилла.



Дела К1аина дина совг1атана реза ца хилла. Дала аьлла: “Ахь диканиг дахь, хьайн юьхь ц1анйиийра ю ахь.”



К1аинан оьг1азло д1а ца ялара.
Цхьа хан яьлчи, бешахь цо, т1е
а кхетта, Авель вийна.



Дала хьаьттина К1аине: “Стенгахь ву хьан ваша?” “Ца хаьа-аьшпаш боьттина К1аина-Со вешин хехо-м вац кхи?” Дала, бешахо хила аьттонах а воккхуш, к1е цхьастаг вина К1аинах.



К1аин Шеха д1акъастийна Дала. Цо Адаман а, Хьаван а йо1 ялийна. Цара цхьаьна бераш кхиийна. Кеста бераша а, берийн бераша а цо йина йолу шахьар д1аюьзина.



Х1етале Адаман а Хьаван а доьзал сиха баьржира.  Оцу хенахь адамаш вайн заманахьчулла алсама бехаш бара.



Ша Сиф ц1е йолуш к1ант вича, Хьавас аьлла: "Дала суна Авелян метта велла Сиф". Сиф делах тешаш стаг вара. Иза 912 ваьхна, дуккха а бераш а долуш.





Оцу хенахь, адамийн т1аьхьенийн чкъор хийца мел ло а, адамий 1есалла совйолуш хилла. Теххьаре а Далла дагадеана адамаш д1адаха а ерриге а акхарой а, олхазарш а. Дела дохковаьлла ша адам кхолларна. Амма цхьа адам хилла Далла везаш …

Иза хилла Ноха.  Ноха олуш
Сифан т1аьхье хилла иза.
Иза хилла Делах тешаш а,
къинойх ц1ена а.



Цуьнан Делаца юкъаметтиг хилла. Иштта шен кхо к1ант а 1амийна цо Далла муьт1ахь хила. Х1инца Делан Нохьн хьокъехь шекепара 1алашо хилла.



Адамийн сингаттам д1аболабалар

Делан Дашца истории, Библи

чохь ю

Хилам 3-6

"Хьан дешнех бакъдерг кхетаме ду."
Псалом 119:130

# Чаккхе

2

60

Х1окху Библин историно дуьйцу, хьо кхоьллинчу, Ша хьуна вевзийла луучу исбаьхьчу Делах лаьцна.

Далла хаьа Ша къа олуш долу вон х1умнаш вайгара дийлинийла. Ахь диначу къинна хьуна 1ожалла йог1у, амма Далла хьо сила ч1ог1а дукхавезарна шен цхьаъ бен воцу к1ант 1иса воуьйту, хьуна хьалхара ж1ара т1ехь вала а, ахь дина къинош такха а. Цул т1аьхьа 1иса, дуьнен т1е а вог1ий, юха стигала хьалавоьду! Иза хьан дахаре а веана, хьо цуьнца азаллехь вехара ву.

Хьо тешахь иза бакъ хиларх ала Деле: Хьомсара 1иса, со хьо Дела хиларх а теша, хьо сан къиношна хьалхара валархьама адам хиларх а теша. Х1инца хьо юха а дийна ву. Доьха Хьоьга, Хьайца цхьана дийнахь азаллехь хилархьама керла дахар доладайтахьа соьга, сан дахаре а волий гечдехьа суна сан къинош а. Г1одехьа Хьайна т1еверза а, Хьайн Бера санна ваха а. Амин.

Библи еша. Делаца денна а къамел де. Ивана 3:13